


## Jesyon Kominote Mini Afich prezantasyon



**Community Steward ( Jesyon Kominote)**  
**Mini Afich prezantasyon**

**15 paj/ mini afich prezantasyon dwe itilize pou ti group moun ou endividyèl. materyèl sa a dwe itilize lè Community Steward (CS) ap entwodwi “Filtè Biosand” avek itilizatè yo ou yo ka petèt itilize kòm referans lè yap revizite itilizatè filtè yo. CS la ka chita ou kanpe nan mitan odyans la pandan yap montre foto bagay yo. tèks ekri pou chak paj ap kapab itilize pa CS de fason pou yo ka sonje mesaj KLE e Objektif pou chak paj. Yon fwa ke CS la itilize plizyè fwa, tèks ki ekri ya probableman nou pap bezwen n avantaj. 12 premye paj yo ap itilize pou diskite enpòtans bon dlo, swen sanitè e Ijyèn habityèl. Sa a pral achemine anndan operasyon e system mentnans “Filter BioSand” ki ap explike nan 3 dènye desen yo. Sa ka pran 20-30 minit depandamman de kantite kesyon e konprann Odyans la.**

**Zouti sa a ka itilize tou pou examine plizyè konsèp nan fason yap itilize dlo an general avèk itilizatè filtè yo. Se ap yon zouti prensyapal Pou CS lè yap esplike pwopozisyon bon dlo e filtè.**

**Tab Matyè :**

**Paj**

**TIT**

<b>1</b>	<b>KOMAN NOU ITILIZE DLO</b>
<b>2</b>	<b>KOMAN DLO KA KONTAMINE</b>
<b>3</b>	<b>DLO KONTAMINE GEN MIKROB KI POU FE NOU MALAD</b>
<b>4</b>	<b>MIKROB KI SOTI NAN PONP</b>
<b>5</b>	<b>KANPE MIKROB SOTI NAN LATRIN AK CORAY</b>
<b>6</b>	<b>PRAN SWEN LATRIN OU AN</b>
<b>7</b>	<b>KANPE MICROB POTEJE DLO W</b>
<b>8</b>	<b>KANPE MIKROB TRETE DLO W</b>
<b>9</b>	<b>KONSEVE BON DLO PWOP</b>
<b>10</b>	<b>KANPE MIKROB ITILIZE BON IJYEN</b>
<b>11</b>	<b>KANPE MIKROB LAVE MEN W</b>
<b>12</b>	<b>KANPE MICROB PWOTEGE TET OU</b>
<b>13</b>	<b>ITILIZE BIOSAND FILTE CHAK JOU</b>
<b>14</b>	<b>ITILIZE BIOSAND FILTE BYEN OU MAL</b>
<b>15</b>	<b>FE MENTNANS NAN FILTE</b>

## **COMMUNITY STEWARD PREZANTASYON MINI AFICH**

### **PAJ**

### **MESAJ KLE**

- 1 Intwodiksyon Jeneral- Bon dlo enpòtan pou anpil bagay wap itilize nan la vi. (Bwè, Manje, lavaj e menaj, animal, plant)
- 2 Dlo ka Kontamine Plizyè fason, (prezante sikwi DLo, Proteksyon Sous Dlo, vi imèn e zannimo avèk dlo ki pa pwòp, poubèl, endistri, fèmeye)
- 3 Dlo Kontamine ka fè w malad. ( Relye avèk Mikròb dlo sa a ka bay Maladi)
- 4 Mikròb yo transfere de (poupou) a Bouch nou pa plizyè chemen( Men nou, Mouch, Dlo, jaden ak plant)
- 5 Transmisyon Mikròb ka stope yon bon system sanitè (Latrin, Koray)
- 6 Yon bon latrin pwòp evite maladi.( Sistèm Sanitè- premye liy pou defans)
- 7 Gen anpil bagay nou ka fè pou pwoteje dlo nou kont kontaminasyon.( pwoteje anvironman dlo a gade zannimo yo lwen dlo, gade lakou ak kay yo pwòp, bon latrin, Pwoteje Pwi, anmagazine bon dlo, kolekte poubèl)
- 8 Dlo Kontamine ka trete pou fè bon dlo pou bwè e fè lòt bagay ( dezyèm liy pou defans- Prodwi bon Dlo)
- 9 Yon fwa dlo a fini trete li dwe proteje nan yon andwa p pwòp.(Dezyem liy defans- gade bon dlo)
- 10 Mikròb ka vini tou nan men nou e manje kap antre nan bouch nou. (twazyem liy defans- Bon Ijyèn kote wap viv)
- 11 Lave Men nou byen e souvan kab proteje nou kont maladi. (twazyèm liy defans- Ijyèn)
- 12 Transmisyon itinerè e twazyèm liy de defans.
- 13 « FILTE BIOSAND » se yon bon bagay ki founi bon kalite Dlo( Avantaj, limitasyon, itilizasyon)
- 14 Itilizasyon apropriye de « FILTE BIOSAND » pral asire ke wap toujou gen bon kalite Dlo (Bon e Move Dlo ap sèvi).
- 15 Pratike bon Mentnans pou BIOSAND FILTE pral asire ke wap toujou gen bon kalite dlo(Bon restorasyon).

## **PAJ 1                      KOUMAN NOU UTILIZE DLO**

**Mesag Kle:** Bon dlo enpòtan pou anpil bagay wap itilize nan la vi

### **Objectif paj sa a:**

Se montre diferan fason yo ka itilize Dlo pou fè menaj e diskite sou kalite dlo ki rekòmande pou fè diferan aktivite.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj la ?

Pou kisa nou bezwen dlo ?

Ki lòt itilizasyon Dlo ?

Pou ki aktivite nan paj sa nou vrèman bezwen bon kalite dlo ?

Pou ki aktivite nan paj sa a nou ka itilize Dlo, ki pa gen bon kalite ?

### **Konteni:**

Nou itilize dlo pou :

Bwè, Fè kizin, lavaj, lavaj vesèl, prepare manje, bay zanmimo bwè, aroze Jaden ak Plan-t.

Li enpòtan ke dlo nap bwè pwòp e pwoteje. Dlo ke yo itilize pou prepare manje e lave vesèl dwe pwòp tou e pwoteje. Filtè e dezenfektan ka fè sa.

Nou toujou itilize dlo pou fè lwazi nou, pa egzanp naje nan etan ou rivyè.

Dlo ke nou itilize kòm dlo jaden ak pou Plan-t kapab pa de bon kalite.

Dlo trè enpòtan pou la vi ou e pou bon kalite la vi. Nou bezwen dlo pou viv e pou grandi nouriti ke nap manje.

Pran Swen et proteje dlo se prensipal tach tout moun. Timoun kòm granmoun. Yon vi an sante pou tout moun rekòmande dlo ki gen bon kalite. Tout fanmi dwe konprann kòman okipe e itilize dlo. Paj swivan an pral montre nou kòman okipe e obteni dlo ki gen bon kalite.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Di m poukisa ou itilize Dlo ?

Konbyen Dlo ou Bwè ?

Kòman ou lave Vesèl ou ?

Pou kisa ou benyen yon ti bebe ?

## **Paj 2                      KOMAN DLO KA KONTAMINE**

**Mesag Kle:** Dlo ka Kontamine plizyè fason.

### **Objektif paj sa a:**

Pou montre sa gen plizyè chemen ki ka fè Dlo vini Kontamine. An general nou bay ti atansyon tou piti avèk sa. Kòm Konsekans, gen risk pou moun konsome Dlo ki kontamine e vin malad.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ? ki kote tèt wiso a Kòmanse ? ki kote dlo a soti ? Kisa ou vle di lè ou di Dlo a Kontamine ? Eske se moun sèlman ki kontamine Dlo ? sak pase si nou te bwè Dlo sa a ? Ki Kote latrin nan ye ? Ki kote yo dispoze “poupou “ ? Ki sa zannimo yo fè? Kote yo ale? Kisa moun yo ap fè? Eske li bon pou defekte yo nan nenpòt plas? Kòman nou ka pwoteje dlo ke nap itilize e konsome chak jou?

### **Konteni:**

Dlo ki gen Mikròb ou lòt kò polye kontamine.

Moun Ak Zannimo se prensipal sous pou kontaminasyon Dlo. Sa rive lè moun ak Zannimo fè bezwen yo tou pre sous dlo. « poupou » ka tonbe nan Dlo a e chak moun kap itilize dlo sa a. Endistri, fèmnye e lòt dlo ki sal vi-n fèl pa bon pou bwè. Dlo Kontamine ka vini nan rivyè, ti flèv, pwi, liy tiyo e syo ki lakay. Koupe Pye bwa e degradasyon anvironman evantyelman achemine ak yon gro kontaminasyon sous dlo yo. Dlo ka kontamine lakay tou. Sa rive kilè :

- Resipyan ou Stoke Dlo pa pwòp ase.
- Tank pi kenbe Dlo pa pwoteje kont Kontaminasyon
- Kòd ki itilize pou mete Dlo deyò gen kontak avèk lòt bagay ki sal
- Nouriti e vesèl vini Kontamine
- Zwazo kanpe sou tèt barik dlo e jwe nan dlo a habityelman

Souvan dlo sanble sal lè li kontamine konsa li gen dwa klè tou epi li gen mikròb ki koze maladi.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Ki kote ou Jwenn dlo w la ? kisa ki te genyen nan dlo sa a ? kisa ki ka pase si zannimo te nan dlo sa a ? si w pran Dlo nan yon pwi, eske pa gen anyen ki ka tonbe nan pwi sa a ? Eske gen poubèl nan vwazinaj kote wap viv ? Kòman ou ka konnen yon dlo kontamine ? Ki lòt abitud fèb ki ka fè yon Dlo kontamine e bay Maladi ?

Esplike nan prop mo pa w kisa kontaminasyon vle di.

### **Paj 3**

## **DLO KI KONTAMINE GEN MIKROB KI POU FE OU MALAD**

**Mesaj Kle:** Dlo ki kontamine ka fè nou malad

### **Objectif Paj sa a:**

Pou montre ke Dlo ki kontamine e ki gen Mikròb ka koz maladi kòm rezilta lè wap bwè e itilize l.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kisa ou wè nan Dlo a ?

Ki Bagay ou gen dwa pa ka wè nan dlo a men ki toujou la ?

Sak ka pase si wap bwè ki gen lòt Kò ladann ?

Ki jan de maladi nou ka genyen lè nap bwè Dlo ki kontamine ?

### **Konteni:**

Lè yon Dlo Sal, nou konnen sa li pa bon pou bwè, men lè nou wè Dlo Pwòp, nou ka panse ke li bon, men se pa toujou menm ka ? ka ki konn gen nan dlo se toujou yon seri de ti bagay tou piti yo rele miKròb. Yo tèlman piti ou paka wè yo avèk zye w.

Si nou pa itilize dlo ki gen bon kalite, ou si nou pa kenbe Dlo pwòp itilize veso pwòp nan sa nou stoke l la, Dlo a ka vini Kontamine. Si nou bwè Dlo ki kontamine, nou ka vini malad avèk pouswivan sa yo :

Vomisman, doulè lestomak, Dyare, Fyèb, Kolera, “Dysenterie ak parazit.

Lè ou malad, Rizilta a se ka vizite yon Doctè ou rete lopital. Li fè ou paka ale lekòl ou travay. si nou egziye medikaman pou trete maladi ya, sa ka koute anpil lajan. Gen Anpil Konsekans lè wap itilize dlo ki pa gen bon kalite.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Eske ou te malad pa lontan ?

Ou te konnen pou kisa ?

Eske ou te malad a koz vye Dlo ?

Eske ou konnen yon moun ki malad a koz vye dlo ?

## **Paj 4** **MIKROB KI SOTI NAN PONP**

**Mesag Kle:** Mikròb transfere soti nan Faeces vini nan bouch nou plizye fason

### **Objectif Paj sa a:**

Pou montre tout vwa transmisyon mikròb de « pou pou » vini nan bouch nou.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kòman mikròb ki nan " pou pou " ka transfere vini nan bouch nou?

Kòman mouch ka transfere mikròb? Kòman plan-t ka transfere mikròb?

Kòman mikròb ka transfere nan jaden ou dlo (rivyè, flè, pi)

### **Konteni:**

Desen yo pral montre tou -t chemen ke mikròb ka soti nan matyè fekal pou vini nan bouch e nan lestomak.

Mikròb yo ka gaye nan men nou ak dwèt nou. Chak fwa ke men nou touché lòt moun avèk matyè fekal zannino, gen yon chans pou mikròb gaye nan bouch nou ou nan nouriti nou. Mikròb la ka gaye sou men lòt moun e nouriti yo.

Si mouch yo mache nan matyè fekal moun ak zannimo e yo vole poze sou nouriti nou, yo ka gaye mikròb ki ka koz maladi. Menm si yo poze sou figi nou ou byen men nou, yo ka gaye mikròb sou nou.

Dlo ki kontamine pa Matyè fekal kab kouri sou tout sifas peyi a ka gaye kontaminasyon. Lè dlo sa a itilize, mikròb yo ka transfere nan bouch.

Si matyè sou tè a, nan rout ak ti chemen nou ka ranmase mikròb sa yo avèk pye nou. alò yo ka transfere nan men nou ak nan bouch nou.

Plan-t ka absòbe mikròb nan matyè fekal. Fwi ou legim ka vini kontamine avèk mikròb.

Yon moun ki an sante ka konsome nouriti e dlo ki kontamine. Ikròb yo ka rantre nan lestomak e rezilta a se doule epi dyare pou moun sa a. si mikròb sa a propaje nan anvironman an, nan fason sa transmisyon menm mikròb sa ap kontinye.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Kòman mouch ka transfere mikròb ki soti nan matyè fekal?

Kòman mikròb ka mouvman nan dlo?

Kòman mikròb ka mouvman nan jaden, rout et ti chemen ?

Kòman mikròb ka mouvman nan men nou ak dwèt nou ?



## **Paj 5 KANPE MIKROB SOTI NAN LATRIN AK KORAY**

**Mesag Kle:** Transmèt mikròb ka stope pa bon system sanitè

### **Objektif Paj sa a:**

Pou montre pa ki wout mikròb ki soti nan matye fekal ka stope yon bon system sanitasyon.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a?

Ki kote mikròb soti ?

Kòman latrin ka stope transmisyon mikròb yo ?

Kòman ou stope transmisyon mikròb nan koray?

### **Konteni:**

Paj sa a montre kòman pou stope transmisyon mikròb ki soti nan matyè fekal

Diferans ke paj sa vle montre kòman ou ka stope kòrèkteman matye fekal lè li byen dispoze.

Meyè fason pou fè sa se yon sistem latrin byen proteje, konstwi avèk bon sistèm sanitè. Yon bon latrin ap preveni ont mouch, parazit et maladi nan nouriti. Ki pral prevni tou matyè fekal soti deyò, sou tè e gade plis.

Li toujou enpòtan pou pwoteje kote soti pou zannimo. Kenbe zannimo nan patiraj pral ka ede nou mikròb kap gaye nan nouriti nou.

Yon bon latrin ka proteje dlo ke nap itilize pou nou bwè. Si dlo a pa kontamine, l'ap bokou pi pwotege pou itilize. Si mikròb pa kontamine nouriti nou l'ap pi pwotege pou n manje l.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Poukisa nou bezwen gen yon latrin ou twalèt ?

Kisa yon latrin ka anpeche ?

Pou kisa nou bezwen gade zannimo yo deyo jaden yo ?

Kisa koray ka anpeche ?

## **Paj 6 PRAN SWEN TWALET OU WA**

**Mesaj Kle:** Yon bon, yon latrin pwòp ka anpeche maladi.

### **Objektif paj sa a:**

Pou montre kòman mentnans bon pou latrin.

### **Kesyon Kesyon:**

Kisa ou wè nan paj ?

Kòman li bon pou latrin kontwi ?

Kòman nou ka pran swen latrin ?

### **Konteni:**

Ti kay ki konstwi avèk bloc ka gen plizyè materyel. Si lè ka soufflé deyò, li pap santi e pap gen anpil mouch. Yon tiyo anba blòk la e anwo tè ya e ka kite lese lè ya soti. Yon kouvèti dwe mete sou li pou evite ensèk tonbe ladann.

Mentni pou evite maladi.

-lave twalèt la, kote yo chita e planche a regilyèman pou gade mouch yo deyò

-gade tiyo pasaj la an bon eta.

-verifye ekran e repare l si nesèsè.

Bagay ki bon pou latrin pou evite maladi gaye :

-Dlo ka kouri rapidman e li pap pèmèt matyè yo seche e dekonpoze, Ajan ap kite dechè yo dekonpoze.

-Boutèy vid, bidon e lòt bagay ka ranpli l rapidman.

-Brik e ròch ka andomaje anndan nwayo ya.

Lòt konteni tankou « Diaper » pou ti bebe e timoun dwe vide direktman nan latrin nan

Poubèl nan kay se sous pou mouch a tè e gade mikròb. Sa dwe pwòp e debarase nan yon plas ki fèt pou sa.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Pou kisa li enpòtan pou gade latrin pwòp ?

Kiyès ki pwòpte latrin nou ? kòman se souvan ?

Kisa ou ka fè avèk poubèl ki lakay ou ?

## **Paj 7 KANPE MIKROB- PWOTEJE DLO W**

**Mesag Kle:** Gen plizyè bagay ke nou ka fè ki ka proteje Dlo nou kont kataminasyon.

### **Objectif Paj sa a:**

Pou montre ki jan de pwoteksyon, mezi e bon abitud nou ka pran pou sous Dlo, Pwi e resipyan nap itilize pou pran e stoke Dlo.

### **Kesyon Posib:**

- Kisa ou wè nan paj sa a ?
- Kòman nou ka pwoteje sous dlo yo ?
- Ki jan de resipyan nou ka itilize pou stoke Dlo ?
- Ki kote Zannimo yo dwe rete ?
- Kòman lakou kay la sipize ye?
- Ki lòt diferans ki genyen ant paj sa a e paj devan an?

### **Konteni:**

Nou dwe pwoteje sous Dlo nou yo kont kontaminasyon.sa ka fèt pa:

- gade zannimo yo ase lwen de sous dlo yo
- gade yo nan kaj
- gen yon sous dlo separe pou zannimo yo
- pran swen lakou e an jeneral anvironman sou kote kay la a
- gade latrine nan lwen kay la et sous dlo
- gen yon protektè e kouvèti pou pwi
- itilize yon kòd e resipyan pwòp pou ka tire dlo nan pwi
- itilize yon resipyan femèn ak kouvèti pou stoke dlo
- gade poubèl e lòt fatra nan yon resipyan femèn
- pwoteje dlo e fè si ke li pa gen fratra
- pwoteje sous dlo pandan nap plante trè nan flèv e rivyè
- konstwi ti baraj pou kenbe dlo lè lapli vini.

Si nou fè bagay sa yo, kalite dlo nap konsome ya ap meyè. Nap toujou bezwen trete dlo a pou asire ke li pwòp e sovgade.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

- Ki kote nou sipoze kenbe zannimo yo ?
- Kòman tab ak vesèl sipoze ye ?
- Kòman nou ka konseve dlo?
- Kòman ou ka ede manman kenbe kay la pwòp?

## **Paj 8 KANPE MIKROB TRETE DLO W**

**Mesaj Kle:** Dlo kontamine ka trete e fè l bon pou bwè e itilize pou lòt bagay.

### **Objektif paj sa a:**

Pou montre kòman dlo kontamine ka trete e pwoteje pou bwè

### **Kesyon posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kòman dlo ka trete ?

Ki jan davantaj de chak fason ou trete dlo ?

Ki jan de limitasyon ki genyen chak fason ou trete dlo ?

### **Konteni:**

Dlo ka trete plizyè fason diferan. Gen chemen ki pi fasil ou pi rapid e yo ka pi di tou e pi chè. Li enpòtan pou trete dlo pou asire ke li pwoteje pou bwè. Ki ke se swa chemen itilize pou trete , li sipoze fini byen e korèk. Si li fini kòrekteman e konsistaman, ou dwe ka gen yon bon dlo pou bwè.

Premye pa pou nenpòt metòd se kòmanse pa egzaminasyon dlo a. li ede anleve sediman e fè dlo a pi pwòp

Premye opsyon, bouyi, touye tout mikròb, men li pran anpil kabiran, (gaz) (trè chè). Si dlo sal, lap rete sal.

Dezyèm opsyon, « Filtè Biosand », ka fèt lokal, avèk yon bagay eleve, pwodwi bon dlo e mande mentnans.

Aprè dlo wa fini filtre pa « filte Biosand » la, li dwe trete ankò pandan nap mete « Chlore »ou byen expoze nan solèy. Tou de tretman sa yo touye mikròb.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Pou kisa ou pa ka wè lè yon dlo kontamine ?

Kòman nou ka pran bakteri, viris ou parazit ?

Pou kisa nou sipoze trete dlo ?

Pou kisa gen plizyè metòd tretman ?

Pou kisa Ou vle trete dlo w ?

## **Paj 9 PWOTEJE DLO W BYEN PWOP**

**Mesag Kle:** yon fwa ke dlo a te trete, li dwe stoke byen e sovgade l.

### **Objektif paj sa a:**

Montre kòman trete dlo dwe stoke pou li pa vini kontamine.

### **Kesyon posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kòman dlo ka stoke ?

Kisa ki montre ke yon resipyan bon pou dlo ?

Kisa ki montre ke yon resipyan pa bon pou dlo?

### **Konteni:**

.Itilize yon bokit sal pou dlo sal sèlman.

Pwoteje dlo ki filtre pwòp nan yon resipyan ak kouvèti pou evite kontaminasyon

Pwopte resipyan an souvan pou asire ke pa gen mikròb pap viv nan dlo.

Fòm apwopriye e volim ( pa egzanp 10-30 lit) baz stab, manch konfòtab, pi piti pou timoun.

Dirab, legè, pa ogside, translisid, fasil a netoye, pa chè e pwodwi lokal.

Gro dansite “plastic polyethylene” sanble ak absòbè “ultra violet”

Yon sèl ouvèti de 5-9 cm(2-3”) avèk yonabri fò,

Fasil pou ranpli men difisil pou jete.

Pa ka rouye, dirab, robinè pou netwayaj. Bèk pou mete dlo deyò. Yon lit dlo nan anviron 15 second.

Pèmèt lè rantre.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Kisa yon bon resipyan ye ? pou kisa ?

Kisa ou itilize pou stoke dlo ?

Ki kote ou ka genyen yon bon resipyan ?

Pou kisa nou dwe kenbe men nou ak dwèt deyò dlo ki nan resipyan an?

## **Paj 10                      KANPE MIKROB- ITILIZE BON IJYEN**

**Mesag Kle:** ki bagay nou ka fè pou pwoteje tèt nou kont mikròb.

### **Objektif paj sa a:**

Pou montre kòman, ki chemen bakteri ak maladi ka bloke yon bon sitem ijyèn.

### **Kesyon posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a?

Kòman mikròb ki soti nan matyè fekal ka transfere nan bouch ou ?

Kòman mikròb ki soti nan matyè fekal ka transfere nan nouriti ou ?

Ki jan de bon abitud personèl ki ka stope transfè mikròb ki soti nan dwèt nou a bouch nou ?

Kòman nou ka pwoteje nouriti nou, vesèl de kontaminasyon ?

Kisa nou ka fè pou kenbe lakay nou pwòp ?

### **Konteni:**

Bon ou move abitud ka detèmine ke nouriti nou pwòp ou kontamine. Matyè fekal moun e zannimo se prensipal kòz kontaminasyon.

Mikròb ka transfere de matyè fekal a bouch nou a travè men nou, dwèt nou e alò pou manje nou ak bouch nou.

Mikròb ka tranfere nan dwèt nou chak fwa nou touche yon bagay ki kontamine. Alò mikròb la tranfere si dwèt antre nan bouch nou.

Nou dwe lave men nou regilyèman chak fwa nou itilize latrin, avan nou manje e avan nou prepare nouriti. Pou bon Ijyèn benyen regilyèman avèk savon se enpòtan pou tiye bakteri ki ka sou po nou.

Pwoteje manje nou kont mouch ap ede mikròb ki gaye, lave vesèl avèk likid savon apre nou fini manje a stope transfè mikròb ak prochen moun ki pral itilize vesèl sa a.

Gade lakay nou pwòp e boupèl deyò ap ede tou stope transfè mikròb. Repwòpte boutèy, bidon ap ede nou pwoteje anvironman an.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Kòman mikròb ka gaye nan dwèt nou ?

Kòman nou ka kanpe mikròb ki gaye nan dwèt nou ak men nou ?

Pou kisa nou dwe gade mouch deyò manje ?

Kisa poubèl ye e kisa nou ka fè avè l. ?

## **Paj 11                      KANPE MIKROB LAVE MEN NOU**

**Mesag Kle:** Lave men nou byen e souvan ap anpeche maladi

### **Objektif paj sa a:**

Pou montre kilè e kòman nou dwe lave men nou. Sa pral kanpe transmisyon bakteri, ki rantr nan po nou a travè men nou.

### **Kesyon posib :**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kilè ou dwe lave men ou ?

Kòman ou dwe lave men ou ?

Kisa lave men ou ka fè pou anpeche maladi ?

### **Konteni:**

Nan paj 10 sa a, nou pale sak konsène kòman mikròb nan men nou e nan po nou rive nan bouch nou. Transfè sa a ka stope si nou lave men nou byen e souvan.

Paj sa a montre kòman e kilè nou dwe lave men. Nou rele metòd sa a (3x3)

Twa fwa ou lave men ou an se :

1. Avan kizin ou byen preparasyon nouriti
2. Avan manje ou avan bay timoun manje
3. Aprè soti nan twalèt e aprè change ou pwòpte ti bebe

Twa fason pou lave men w se :

1. Lave de men ou avèk dlo ak savon
2. fwote men w ansanm pandan twa fwa
3. seche men w avèk sèvyèt pwòp.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Montre kòman ou lave men w?

Kilè ou lave men w?

Pou kisa ou itilize savon?

Pou kisa ou itilize bon dlo ?

Pou kisa Ou itilize sèvyèt pwòp pou seche men w ?

## **Paj 12 KANPE MIKROB- PWOTEGE W**

**Mesaj Kle:** chemen transmisyon e liy defans

### **Objektif paj sa a:**

gen plizyè chemen yon mikròb ka transfere maladi nan bouch nou e gen twa gwo chemen pou prevni maladi.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan foto sa a?

Montre yon chemen ke mikròb nan matyè fekal ka vini nan bouch. Lòt chemen ?

Kouman ou kenbe yon latrin pwòp ?

Ki chemen pou trete dlo pou asire li de bon kalite ?

Kòman ou ka stoke dlo pwotege ?

Kòman ou ka stope mikròb ki vle rantre nan bouch ou ?

Ki bon chemen pou lave men w ?

Kòman ou pwoteje manje w ?

### **Konteni:**

Desen sa yo ap ilistre twa gwo chemen pou anpeche maladi pandan wap kanpe transfè mikròb nan bouch nou.

- 1) SANITASYON : latrin byen mentni pap atire mouch e ap kanpe difizyon matyè fekal moun kontamine nouriti e sistèm dlo n. gade zannimo yo nan fèm ap stope matye fekal gaye nan plan-t, nan jagen e sistèm dlo.
- 2) TRETMAN DLO : Filtre e stoke dlo byen se yon bon chemen pou asire ke mikròb la pap gaye nan dlo a.
- 3) IJYEN : Gade kay pwòp e nouriti kouvri kote mouch pap ka poze sou yo, nouriti nou se bon chemen pou pwoteje nou kont maladi. Lave men nou avèk savon ka bloke premye chemen mikròb antre sou nan men nou e li pa ka antre anndan bouch nou.

Sik transmisyon ki transfere mikròb ka stope Nan yon chemen ki byen fasil. Pandan nap fè bagay sa yo regilyèman. Nap etabli bon atibid sa pral ede nou gen bon sante.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Kisa yon bon mentnans latrin ak pwi ka anpeche ?

Kisa sa anpeche zannimo ki nan fèm ?

Kòman nou ka stope transfè mikròb nan dlo ?

Pou kisa nou dwe lave men nou?

Kòman nou ka pwoteje nouriti ?



## **Paj 13** ITILIZE BIOSAND FILTE CHAK JOU.

**Mesaj Kle:** BIOSAND FILTER” se yon bon materyèl ki ogmante bon kalite dlo.

### **Objektif Paj sa a:**

Pou montre karakteristik, avantaj e limitation filtè Biosand la.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Ki plizyè bon bagay ki gen nan filtè ?

Ki bagay ki fèb ou sijè de filtè ?

### **Konteni:**

Avantaj

- \* Anleve mikròb « pathogènes » ( lè wap itilize l)
- \* Mete deyò tout vye bagay (sediments)
- \* Pa koute chè
- \* Fabrikasyon lokal, avèk materyèl lokal
- \* Dlo gen bon goo

Limitasyon

- \* Lou- difisil pou mouvman (men li dwe mouvman san ou pa mete sab la deyò e rekomanse ankò.
- \* Si dlo a trò sal, lese dlo a poze deyò ant 1-6 zè avan ou vèsè li nan filtè ya.
- \* Pa ka anleve konpozant ki fonn ladann pa egzanp, Sèl, dite e nechèl.
- \* Pa ka anleve pwodwi chimik (egzanp pesticides, angrè)
- \* Pa ka anleve tout koulè ki nan dlo a.

Kòman pou itilize filtè ya:

-Mete yon resipyan pwòp anba tiyo filtè a. li ka pi nesèsè pou mete resipyan anlè ou pozisyon ka bay sou tiyo a.

-anlve kouvèti a sou filtè ya.

-Asire ki ditribitè ya nan plas li. Pa janm vide dlo a direktman nan kouch sab la

-Vèsè lantman e dousman yon syo ranpli ( 5 galon ou 20 lit) nan filtè e replase kouvèti ya.

-Pèmèt dlo a koule konplètman (Sa ka pran anviran 30-60 minit)

-Pou asire yon meyè kalite dlo posib, ajoute 5 gout chlorox nan chak galon.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Kisa filte BIOSAND ye ?

Kisa ou fè avèk li ?

Kòman ou itilize l ?

## **Paj 14                      ITILIZE BIOSAND FILTE BYEN OU MAL**

**Mesag Kle:** Itilizasyon apropiye Filtè BIOSAND pral asire ke l'ap toujou bay dlo ki gen bon kalite.

### **Objektif paj sa a:**

Pou montre bon egzanp e move egzanp nan fason ke yo itilize sistem filtè Biosand la, sa ap afekte kalite dlo wa

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kisa ki ka pase si ou mete chlorine (klorox) direktman nan filtè Biosand la ?

Kisa ki ka pase ki mete robinet ou tiyo a sou kote filtè Biosand la?

Kisa ki pase lè w stoke nouriti nan resipyan an ?

Kisa ki pase lè pa gen distribitè?

### **Konteni:**

Swiv lis sa a kote ki gen bon ak move itilizasyon filtè Biosand la.

### **Bon Itilization:**

- \* Filtè ya dwe nivo tè ya san trou avèk ti flit.
- \* Itilize menm sous dlo chak jou, itilize bon sous pou pran dlo a.
- \* Lokalize filtè kote li pwoteje kont chalè ak zannimo. Mete l anndan yon kay se meyè.
- \* Asire ke gen yon bon kalite adaptan an kouvèti filtè ya.
- \* Distribitè sipoze pwòp e ajiste avèk presizyon pou pwoteje "Biolayer".
- \* Nivo sab la sipoze 5cm(2 pous) anba nivo dlo a. Nivo dlo kontwole pa kòman yo te konstwi filtè ya e li pa ka chanje
- \* Sifas sab la sipoze lis e nivo.

### **Move Itilizasyon:**

- \* Ajoute anpil Chlorox nan filtè Biosand la ap touye biolayer yo.
- \* Pa chanje beg la pou ajoute tiyo ou priz. Ou dwe toujou pèmèt dlo a koule libreman nan filtè ya. Tiyo ka fè li voye tout dlo a deyò.
- \* Evite mete dlo ki sal anpil (twoub) pou filtè pa bouche.
- \* Stoke nouriti nan rezèwa yo ap atire ensèk, foumi, mouch e gwagolo.
- \* Si se timoun yo kap okipe yo de dlo a yo dwe fè tankou yon granmoun, siveye. Se pa yon jwèt
- \* Pèmèt zannimo gen aksè filtè e dlo ki filtre.

### **Verifye pou Konpreyansyon:**

Kilè e ki kote ou dwe ajoute (chlorine) klorox ?

Ki distans nivo sab la dwe ye anba dlo dlo ?  
Kisa nou dwe di timoun yo ?

## **Paj 15                      MENTNANS FILTE**

**Mesaj Kle:** Pratike bon mentnans pou Filte BIOSAND la ap asire bon kalite dlo.

### **Objectif Paj sa a:**

Pou montre bagay ou sipoze fè pou restore dlo nan yon bon kalite.

### **Kesyon Posib:**

Kisa ou wè nan paj sa a ?

Kisa ki sa rive nan debi ?

Koman nou ka restore debi ya. ?

### **Konteni:**

Lè debi ki nan filtè bezwen restore men fason yo:

- Anleve kouvèti filtè ya, si pa gen dlo ajoute 4 lit (yon gallon) anleve distribite.
- Vire men w o mwens 5 fwa ou yon zouti apropiye pou ka ajite dlo a. ou ka deranje sifas sab la men pa melanje couch la anndan filtè ya.
- Mete deyò dlo sal avèk ti resipyan
- Vide dlo sal deyò kay la nan yon kote ki fèt pou sa.
- Replase difizè ya
- Repete enstriksyon ki anlè yo.
- Lè tout dlo yo fin soti deyò nan filtè, replen filtè ya e remete resipyan pou kolekte bon dlo.

**Verifye pou Konpreyansyon:** Montre m kòman opere e mentni filtè?